

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kurikulum merdéka dijieun ku Kementerian Pendidikan, Kabudayaan, Riset, jeung Tehnologi Indonesia nyaéta Nadiem Anwar Makarim. Ieu kurikulum mangrupa ide sabada ayana kurikulum darurat dina nyanghareupan pandemi Covid 19. Kaayaan pandemi ngabalukarkeun *learning loss* peserta didik di unggal sakola.

Teu sakabéh sakola geus ngalarapkeun ieu kurikulum. Unggal kabupatén milih sakola anu cocog jeung bisa jadi conto, pikeun sakola lian kumaha jadi sakola penggerak jeung ngalarapkeun kurikulum merdéka. Salah sahijina anu dipilih jadi sakola penggerak téh nyaéta SMAN 1 Ciranjang di kabupatén Cianjur.

Kurikulum merdéka di SMA kabagi jadi dua fase. Fase E nyaéta kelas X, sedengkeun fase F ayana di kelas XI, jeung kelas XII disebutna fase F lanjutan. Unggal fase atawa tingkatan miboga *asesmen* formatif jeung sumatif anu béda-béda, tangtu nyaluyukeun jeung CP ogé ATP anu aya. Dumasar kana CP-na, pangajaran basa Sunda kabagi jadi opat golongan atawa kelompok, anu unggal kelompokna diwincik deui jadi sababaraha poko bahasan matéri.

Pangajaran basa Sunda kaasup kana mata pelajaran muatan lokal. Di sakola, pangajaran basa Sunda téh kawilang penting. Sabab, dina pangajaran basa Sunda ogé diajarkeun tatakrama jeung étika anu bisa dilarapkeun, ogé bisa dipaké nalika hirup kumbuh jeung masarakat lianna.

Dina kurikulum merdéka aya anu disebut *asesmen* formatif jeung sumatif. *Asesmen* Formatif nyaéta métode évaluasi ngeunaan pamahaman peserta didik, bahan pangajaran, jeung kamajuan akademik salila diajar. Pikeun peserta didik *asesmen* formatif miboga pungsi, mantuan peserta didik dina ngaidéntifikasi aspek anu perlu dironjatkeun. Pikeun guru jeung sakola, *asesmen* formatif miboga pungsi méré informasi ngeunaan masalah naon waé anu karandapan ku peserta didik salila prosés diajar (Kemdikbud, 2023).

Évaluasi mangrupa salah sahiji komponén anu penting, jeung miboga pangaruh anu gedé dina ngaidéntifikasi kasuksésan hiji program pendidikan.

Dasarna mah évaluasi miboga maksud pikeun meunangkeun data atawa informasi ngeunaan jarak antara situasi anu aya jeung situasi nu dipiharep, ku cara ngagunakeun kritéria-kritéria anu tangtu (Kuswari, 2010, kc. 1).

Istilah évaluasi miboga dua wangenan, nyaéta évaluasi salaku déskripsi kualitatif tina kalakuan peserta didik, jeung salaku déskripsi kuantitatif tina hasil pangukuran misalna dina skor tés. Aya sawatara komponén anu kudu diperhatikeun dina évaluasi.

Sedengkeun anu disebut *asesmen* sumatif nyaéta métode évaluasi anu dilaksanakeun di ahir pangajaran. *Asesmen* sumatif miboga nilai anu gedé sabab miboga pangaruh kana nilai ahir peserta didik. Salian ti éta, *umpan balik* tina *asesmen* sumatif bisa digunakeun pikeun ngukur kamajuan peserta didik, anu ahirna dijadikeun panduan ku guru jeung sakola dina ngararancang kagiatan proyek peserta didik satuluyna (Kemdikbud, 2023).

Nilik kana prosédur nyusun soal dina *asesmen* sumatif, kudu dijieun sacara asak jeung kudu bener dina nyusul modélna. Nurutkeun Arifin (2016) dina Azis (2019) aya genep prosédur anu kudu dilaksanakeun dina nyieun soal nyaéta nangtukeun tujuan panalungtikan, ngaidéntifikasi kompetensi jeung hasil dina diajar, nyusun kisi-kisi, ngamekarkeun draf instrumén, uji coba jeung analisis soal, sarta révisi jeung nyieun soal.

Genep prosédur éta alusna dilaksanakeun sangkan ngahasilkeun atawa meunangkeun tés anu miboga kualitas anu hadé. Kitu deui dina soal STS atawa SAS. SAS téh dilaksanakeun nalika meunteun kamampuh budak dina ahir seméster. Tujuanna pikeun meunteun kamampuh peserta didik nalika diajar, kurang leuwih dina waktu genep bulan atawa sataun. Nurutkeun Kuswari (2010) tés eusina patalékan-patalékan jeung soal-soal anu kudu dijawab ku individu nu dités.

Penilaian mangrupa hiji prosés ngumpulkeun, ngalaporkeun, jeung ngagunakeun informasi ngeunaan hasil diajar peserta didik anu aya sabada diukur. Tujuanna pikeun nganalisis atawa ngajelaskeun préstasi peserta didik dina ngalaksanakeun pancénna (Kuswari, 2010, kc.227). Jadi penilaian téh nyaéta patalékan anu didadasaran ku sajumlahing pakta pikeun ngajéntrékeun

karakteristik hiji jalma. Nilik kana kaayaan ayeuna yén hasil tina nilai peserta didik téh kurang tina KKTP (Kriteria Ketuntasan Tujuan Pembelajaran).

Dumasar kana hasil di lapangan, kamampuh peserta didik kelas X, XI, XII téh can bisa ngahontal KKTP. Salian ti éta, modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda téh can puguh, masih kenéh aya anu can lengkep. Contona tina segi format, kisi-kisi soal, uji coba kualitas, jeung nepi ka pedoman ngalaksanakeun *asesmen* téh acan lengkep.

Nilik kana éta hal, diperlukeun modél *asesmen* formatif jeung sumatif anu cocog pikeun dilarapkeun di sakola hususna di SMAN 1 Ciranjang. Sabab modél *asesmen* bisa dijadikeun babon ka hareupna pikeun ngaronjatkeun kualitas kamampuh peserta didik dina diajar.

Hasil évaluasi anu goréng téh salian dibalukarkeun ku faktor kamampuh peserta didikna, bisa ogé salah sahijina disababkeun ku modél penilaianna sorangan. Tés anu miboga kualitas tangtu bisa ngahasilkeun hasil diajar anu *valid*. Dina tés aya anu disebut butir soal. Butir soal téh nyaéta salah sahiji komponen pangleutikna (item) dina tés (Azis, 2019).

Aya panalungtikan saacanna anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta Andari (2022) ngeunaan Implementasi Kurikulum Merdéka Belajar Menggunakan *Learning Management System* (LMS), jeung deui panalungtikan anu dilaksanakeun ku Adinda, spk. (2021) ngeunaan Penilaian Sumatif dan Penilaian Formatif Pembelajaran Online.

Sasaruaanna jeung ieu panalungtikan nyaéta sarua ngabahas kurikulum merdéka anu di jeron aya *asesmen* formatif jeung *asesmen* sumatif. Tujuanna nyaéta ngaronjatkeun kualitas peserta didik dina diajar di sakola. Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta ayana tarékah satuluyna dina nyieun modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda hususna. Satuluyna bisa jadi pedoman di sakola penggerak atawa sakola anu ngalarapkeun kurikulum merdéka.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaronjatkeun kamampuh peserta didik dina ngeusian *asesmen* anu dilaksanakeun ku guru ka peserta didik. Boh *asesmen* formatif, boh *asesmen* sumatif. Salian ti éta, modél *asesmen* anu dijieun bisa dipaké babon pikeun sakola, hususna dina pangajaran basa Sunda.

Ku kituna, nilik kana hal-hal anu geus diébréhkeun saméméhna, ieu panalungtikan anu judulna Modél *asesmen* formatif jeung sumatif pangajaran basa Sunda di SMAN 1 Ciranjang perlu dilakukeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan diidéntifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jentré.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan diidéntifikasi saperti ieu di handap.

- a. Format *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda acan aya.
- b. Kisi-kisi jeung soal *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda acan aya.
- c. Kualitas modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda dumasar kana hasil uji coba.
- d. Acan aya pedoman atawa panduan ngalaksanakeun modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha format *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda di SMAN 1 Ciranjang?
- b. Kumaha kisi-kisi jeung soal *asesmen* formatif ogé sumatif dina pangajaran basa Sunda di SMAN 1 Ciranjang?
- c. Kumaha kualitas modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda di SMAN 1 Ciranjang?
- d. Kumaha pedoman ngalaksanakeun modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda di SMAN 1 Ciranjang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan maluruh modél *asesmen* formatif jeung sumatif anu cocog pikeun dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda di SMAN 1 Ciranjang dumasar kana kurikulum merdéka.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- a. format *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda;
- b. kisi-kisi jeung soal *asesmen* formatif ogé sumatif dina pangajaran basa Sunda;
- c. kualitas modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda; jeung
- d. pedoman ngalaksanakeun modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan diwincik jadi mangpaat téoritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, jeung mangpaat isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan bisa mekarkeun téori évaluasi pangajaran basa Sunda hususna téori *asesmen* formatif jeung sumatif dina kurikulum merdéka.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap.

- a. Pikeun guru, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun jadi babon dina ngalaksanakeun kurikulum merdéka, hususna dina *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda.
- b. Pikeun peserta didik, miboga mangpaat dina ngukur kamampuh dirina ngaliwatan hasil *asesmen* anu dilaksanakeun.

- c. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda.
- d. Pikeun pamaca, ieu panalungtikan miboga mangpaat nambahan référénsi ngeunaan format asesmen, kisi-kisi jeung soal asesmen, kualitas model asesmen, jeung pedoman ngalaksanakeun *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Dina segi kawijakan, ieu panalungtikan téh nyaluyukeun jeung kurikulum anu dilarapkeun di sakola nyaéta kurikulum merdéka. Kurikulum merdéka ngalarapkeun katangtuan *asesmen* anu di jerona aya *asesmen* formatif jeung sumatif. *Asesmen* formatif meunteun kagiatan salila di kelas jeung nepi ka mana kamajuan projék anu dilaksanakeun. Sedengkeun *asesmen* sumatif nyaéta penilaian di ahir pangajaran, saperti ayana STS jeung SAS.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Sacara isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda. Upamana geus aya pedoman ngalaksanakeun modél *asesmen* formatif jeung sumatif, unggal guru di sakola moal bingung dina ngararancang kisi-kisi jeung soal anu bakal diujicobakeun ka peserta didik nalika ngukur kamampuh peserta didik salila diajar di kelas. Salian ti éta, pangaruh anu alus pikeun atikan di sakola nyaéta ngaronjatna kamampuh peserta didik, jeung ayana modél *asesmen* anu cocog pikeun dilarapkeun di SMA Negeri 1 Ciranjang.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tésis disusun jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ngawengku ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis, anu ngawengku modél *asesmen* formatif jeung *asesmen* sumatif, pangajaran basa Sunda jeung sagala hal anu aya hubunganna jeung penilaian.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, partisipan, sumber data, prosédur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan anu ngawengku format *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda, kisi-kisi jeung soal *asesmen* formatif ogé sumatif dina pangajaran basa Sunda, kualitas modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda, jeung pedoman ngalaksanakeun modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi.